



Kijan Zanmi ak Fanmi Kapab Ede Ekonomize sou Kont Epay Inivèsite (College Savings CS) Pitit ou a:



Si ou genyen yon Kont Plan Dirèk 529 Nouyòk (NY 529 Direct Plan Account) zanmi ak fanmi kapab itilize Ugift® pou fè depo pou pitit ou a. Ou ka jwenn kòd Ugift® pitit ou a lè ou konekte sou kont ou sou nysaves.org epi klike sou “Share Ugift code and view history of gifts.” Aprè ou fin jwenn kòd ou a, pataje kòd la ak enstriksyon ki anba yo avèk zanmi epi fanmi w. Yon depo pou Edikasyon yo ka fè yon bon kado anivèsè oswa vakans epi sa raple yo ke kominote yo a ap sipòte rèv yo genyen pou avni yo.


Etap 1

Konekte sou Ugift529.com epi antre kòd Ugift® la epi klike sou “Give a Gift.”



Etap 2

Antre montan ou vle bay la nan pati “Gift Amount”. Enfòmasyon mèt kont lan ap ranpli otomatikman aprè pou fin antre yon kòd Ugift® ki valid nan etap 1.



Etap 3

Glise desann pou w antre non w ak siyati w, imèl ak nimewo telefòn ou epi klike sou “Continue.”

Etap 4

Chwazi si ou vle pou fè yon don de fason elektwonik sou kont bankè ou an oswa pa chèk epi klike “Continue.”

Etap 5

Si ou chwazi “Bank Account,” antre Bank Name (Non Bank) ou an, Account Number (Nimewo Kont) e ki “Account Type (Tip Kont)” epi klike sou “Continue” pou bay kontribisyon w lan. Si ou chwazi “Mail Check,” yon paj revizyon ap afiche avan ou voye chèk la.

Kontinye sou pwochen paj la →

Si ou gen yon kont bankè ki tou pou Ekonomize pou Inivèsite zanmi ak fanmi kapab fè yon depo pou pitit ou a pa chèk oswa òdonans pèman (money order), oswa li ka bay lajan kach:

- Kontribisyon ki fèt avèk lajan **kach** yo dwe bay ak moun ki mèt kont lan e ki li menm pral fè depo a an pèsòn.
- Kontribisyon pa **chèk** ak **òdonans pèman** dwe fèt sou non moun ki mèt kont lan:
 - Nan pati memo a, ekri nimewo kont bankè ki tou pou "Save for College" la.
 - Bay moun ki mèt kont lan chèk la oswa òdonans pèman an, li menm li pral fè depo a an pèsòn.

Pwogram Ekonomize pou Inivè NYC Kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak ekonomi NYC Kids RISE Inc., mete sou pye, se yon òganizasyon charitab, ki an patenarya avèk Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ak Vil Nouyòk la. NYC Kids RISE pa ni afilye, ni yon distribitè otorize Pwogram Ekonomize pou inivèsite 529 Nouyòk epi li pa mande investisman oswa bay konsèy investisman. Vil Nouyòk ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pa ofri okenn apwobasyon oswa rekòmandasyon konsènan, epi yo pa kontwole, ni posede oswa afilye avèk manadjè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite 529 Vil Nouyòk ni okenn inivèsite patikilye oswa lòt envestisè, Ki gen ladan l sa yo ke fanmi yo kapab aprann atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite an.